

## **Liyann Telefòn Konplent:Fason pou Répòte Pwoblem Mentnans**

### **Nan Apatman**

Propriyète bilding privé sipozé dapre la lwa kenbe apatman yo nan kondisyon ki abitab é pou bay ase chalè pandan sèzon chalé nan ivè de (1 Oktòb jiska 31 Me) ak dlo cho 365 jou dé lané. Sa sé règléman ké HPD Divizyon Kod Anfòsman apliké

Si propriyète bilding wou a pa kenbe apatman wou habitab ak bya sèvis ki nésésè, wou gen dwa répòté kondisyon apatman nan Sant Sèvis pou Sitwayen nan 311 ( si wou andeyò vil Nou Yòk rélé 212 NEW YORK(212-639-9675). Pou moun ki soud, nimerò TTY se (212) 504-4115. Sant lan ouvri 24 trè pa jou, 7 jou la sémenn

Si konplent lan ijan , biro “Kod Enfòsman” ap voyé yon enspektè pou enspekté apatman wou. Chak fwa yon enspekté réponn a yon konplent, lokatè va resevwa enfòmasyon sa yo: Yon rézime de vyolasyon ke li bay , nimerò konplent lan, dat enspeksyon an ak nimerò idantité enspektè-a. Apré enspeksyon an, lokatè pral resevwa de ti liv ki va eksplé dwa yo ak tou reponsablite yo e an plis yon lis de vyolasyon santé ak sékirité ki ki pi komen yo. Ti liv sa yo va édé lokatè konprann dwa yo ak responsablité yo epi ankourajé yo travay ansanb ak leta vil Nou Yòk pou fè ke bilding yo vini na bonn eta. Pwopriyète bilding lan resevwa kopi konplent lan tou.

Si Enspektè verifye kondisyon vyolyasyon an, yon “Notis òf Vyolechonn” pral vinn jwenn pwopriyète-a kap mandeli pou li réparé mov é kondisyon an. Si Pwopriyète-a pa réparé mové kondisyon an, Pwogram Réparsyon Ijans HPD –a ap fè réparsyon-an epi lap chajé pwopriyète-a kantité lajan li kouté. Lokatè gen dwa tchéké nan ki pwen travay réparsyon nan apatman yo yé si yo rélé (212) 863-5510. Si propriyète kay la pa korije tout kondisyon vyolasyon yo, lokatè gen dwa rele met kay nan tribinal nan “Awzing Kòt”. Kòt la gen dwa òdoné propriyète kay pou li korije tou vyolasyon yo epi li ka chajé propriyète sèten penalite ki grav si li refize. dwa koute 35 dola pou rélé yon mèt kay na tribinal. Pou moun ki pa pakab payé lajan sa, Kòt la gen ka ba wou li gratis.